

Tablo Kontni yo

I. Objektif	2
A. Prezantasyon	2
B. Domèn aplikasyon	2
II. Definisyon	2
III. Règleman konsènan Asistans Finansye	5
A. Prezantasyon	5
B. Kalifikasyon Pasyan an	5
1. An jeneral	5
2. Kalifikasyon Finansye	5
3. Responsablite Pasyan an	6
C. Sèvis ki kalifye pou Asistans Finansye	7
1. Swen ljan/Sèvis ljan	7
2. Sèvis ochwa nan Lopital ki bay swen pandan yon ti tan ak Òganizasyon Doktè yo	7
3. Sèvis ochwa nan Lopital ki bay Swen alontèm ak McLean Hospital	7
4. Sèvis ki pa Kouvri yo	8
D. Rabè sou Asistans Finansye	9
1. Montan yo faktire an jeneral	9
2. To Rabè sou Asistans Finansye	10
E. Tretman Demann yo	12
F. Relasyon ant Règleman Asistans Finansye ak Health Safety Net (HSN)	12
1. Apèsi sou Health Safety Net	12
2. Health Safety Net Konplè ak Pasyèl	13
3. Kondisyon Medikal Difisil HSN ak Konfidansyalite HSN	13
IV. Rabè pou pasyan ki pa gen asirans	14
A. Prezantasyon	14
B. Rabè pou moun ki pa gen asirans ak Eksklizyon	15
1. Rabè ki disponib	15
2. Eksklizyon	15
V. Konsiderasyon Pèsonèl	16
VI. Konsèy Finansye	16
A. Sèvis Konsèy Finansye pou Pasyan	16
VII. Piblikasyon ak Difizyon Règleman Asistans Finansye yo	17
Anèks A: Antite ki asosye nan Mass General Brigham	17
Anèks B: Aplikasyon pou Asistans Finansye	19

I. Objektif

A. Prezantasyon

Antite Mass General Brigham (MGB) yo se antite ki gen franchiz enpo, ki gen pou misyon prensipal bay sèvis ak tout moun ki bezwen swen medikal. MGB ap fè efò pou asire l yo pa refize bay pasyan ki bezwen sèvis ijans yo ak sèvis medikal ki nesesè yo paske yo pa gen kapasite pou yo peye, epi pou kapasite finansye moun sa yo pa anpeche yo chèche oswa resevwa swen. Sepandan, pou antite Mass General Brigham yo kontinye bay bonjan kalite sèvis epi reponn ak bezwen kominote a, chak antite gen responsablite pou chèche peye rapid pou sèvis kote yo pèmèt yo fè prelevman epi yo pa an kontradiksyon ak règleman Commonwealth nan Massachusetts yo (MA) oswa règleman federal yo ki gen ladan lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Travay (EMTALA).

Antite Mass General Brigham yo rekonèt kèk pasyan gen mwayen limite epi yo ka pa gen aksè ak yon kouvèti asirans pou tout sèvis yo. Règleman sa a te etabli pou ede pasyan ki pa gen asirans ak pasyan asirans yo pa sifi ki gen resous finansye ki limite.

Dokiman sa a esplike kritè kalifikasyon, metòd, ak sikonstans kote pasyan yo ka jwenn aksè ak rabè sa yo:

1. [Asistans Finansye, Seksyon III](#): pwogram rabè ki baze sou sitiyasyon finansye pasyan an, si tout lòt paramèt rabè yo respekte
2. [Rabè pou pasyan ki pa gen asirans, Seksyon IV](#): pwogram rabè pou tout pasyan ki pa gen asirans ki disponib pou kèlkeswa sitiyasyon finansye pasyan an si yo respekte lòt paramèt rabè yo.

B. Domèn aplikasyon

Règleman sa a aplike pou antite Mass General Brigham yo ki endike nan [Anèks A](#).

Remak: doktè ki asosye ak antite sa yo, men ki voye fakti "an prive" yo ankouraje yo, men yo pa oblije, swiv règleman sa a. Ou ka jwenn detay yo nan lis founisè ki afilye nan Mass General Brigham.

II. Definisyon

Sèvis Sante Konpòtmantal: Sèvis ki nesesè sou plan medikal ki konsantre sou sante sikolojik ak mantal pasyan an epi yo ka bay yo nan plizyè anviwònman kote y ap bay swen.

Sèvis ochwa: Sèvis ki nesesè nan domèn medikal ki pa koresponn ak definisyon nouvo sèvis oswa sèvis ljan yo. Pasyan an, jeneralman, planifye sèvis yo davans, men pa yon fason ki konplè.

Sèvis ijans: Sèvis medikal ki nesesè yo bay apre yon pwoblèm medikal prezante, kit se fizik oswa mantal, ki prezante sou fòm sentòm ki vrèman grav, tankou yon gwo doulè, yon fason pou menm yon pwofàn ki pridan ki gen yon konsepsyon mwayèn sou sante ak medsin ta ka prevwa, yon fason ki rezonab, yon mank swen medikal rapid, ki ka mete sante moun nan oswa yon lòt moun an danje yon fason ki grav, deranje yon fason ki grav fonksyon kò a oswa ki prezante yon move fonksyonman yon ògàn oswa yon pati nan kò a oswa, ki gen rapò ak yon fanm ansent, jan sa te deja defini nan seksyon 1867(e) (1) (B) nan Lwa Sekirite Sosyal, 42 U.S.C. § 1295dd(e)(1)(B). Yon egzamen depistaj

medikal ak tretman pou pwoblèm medikal ijan oswa nenpòt lòt sèvis tankou sa yo bay nan limit yo egzije yo dapre **EMTALA**(42 USC 1395(dd)) kalifye kòm Swen Ijans. Sèvis ijan yo genyen tou:

- Sèvis yon pwofesyonèl medikal ki gen lisans detèmine se yon ijans.
- Swen medikal pou pasyan ki entène yo ki asosye ak swen ijans pou pasyan ekstèn yo; epi,
- Pasyan ki entène ki transfere soti nan yon lòt lopital ki bay swen pandan yon ti tan pou ale nan yon lopital Mass General Brigham pou bay swen ak pasyan ki entène ki pa disponib nan lòt fason.

Gid Federal pou Revni Povrete (FPG): Yon dispozisyon pou revni Depatman Sante ak Sèvis Sosyal yo (HHS) pibliye chak ane. Yo itilize enstriksyon sa yo pou detèmine kalifikasyon pou kèk pwogram ak avantaj (tankou Medicaid).

Asistans Finansye: Yon òf anrapò ak sèvis swen sante yo bay pasyan ki kalifye yo gratis oswa ak rabè, kote bezwen finansye yo dokimante ak verifye, ki koresponn ak kritè ki etabli nan règleman sa a.

Rabè pou Asistans Finansye: Ajisteman nan balans pasyan yo ki fèt dapre sitiyasyon finansye pasyan an selon Règleman Asistans Finansye a. Tout rabè pou Asistans Finansye dwe an akò ak règleman eta a ak federal yo ki gen ladan IRS 501 (r).

Konseye Finansye: Reprezantan ki responsab pou evalye responsablite yon pasyan, idantifye ak fasilite opsyon finansman piblik yo (Medicare, Medicaid, elatriye), detèmine si pasyan an kalifye pou asistans finansye, epi etabli plan peman.

Konsèy Finansye: Sèvis yo bay pasyan ki pa gen ase kouvèti asirans, ki pa kapab peye dèt yo evalye/rechèk yo anvan tretman an, oswa ki gen gwo aryere.

Swen Adomisil: Nenpòt sèvis Swen Adomisil MGB ofri

Sèvis Medikal Nesèsè: Sèvis nou ka atann, yon fason ki rezonab, pou anpeche yo fè dyagnostik, anpeche maladi yo vin pi grav, soulaje, korije oswa geri maladi ki mete lavi an danje, ki lakòz soufrans oswa doulè, ki pwovoke yon defòmasyon oswa yon move fonksyonman fizik, ki menase pwovoke oswa agrave yon andikap, oswa ki ka lakòz maladi oswa enfimite. Sèvis Medikal Nesèsè yo gen ladan sèvis pou pasyan ki entène ak pou pasyan ekstèn yo jan sa otorize selon Tit XIX nan Lwa Sekirite Sosyal la.

Move dèt Medicare: Depans CMS/Medicare pèmèt lopital yo fè reklamasyon pou pifò ko-asirans ak franchiz Medicare ki poko peye, depi yo trete balans lan konplètman selon sik faktirasyon ki etabli pou peman otonòm oswa yo detèmine pasyan an pa gen mwayen anrapò ak balans la. Detèminasyon sitiyasyon povrete a dwe baze sou nivo revni pasyan an epi sou yon egzamen anrapò ak byen li genyen ki disponib yo, ki an jeneral, pa gen ladan machin yo ak rezidans prensipal li ak yon minimòm kont labank/chèk.

Lòt Sèvis: Sèvis kote yo pa t montre nesèsite medikal ak klinisyen egzaminatè a oswa kote kalifikasyon pasyan an pou sèvis la ka pa koresponn ak definisyon jeneral plan asirans yo pou reponn ak kritè prensipal anrapò ak nesèsite medikal pou sèvis la. Lòt Sèvis yo gen ladan tou sèvis anpil plan asirans pa konsidere kòm sèvis Medikal Nesèsè ki pa sèlman gen ladan: Chiriji Estetik, Fekondasyon anndan (In-Vitro Fertilization, IVF) oswa lòt Tretman Repwodiksyon Avanse (Advanced Reproductive Therapy, ART), Sèvis Gastrik Bypass san detèmine nesèsite medikal yon

moun k ap peye genyen, ansanm ak eleman pou fasilite pasyan yo, tankou ki gen rapò ak sèvis lannwit yo ki depase bezwen yo genyen nan domèn swen medikal oswa sèvis lannwit pou pasyan (ki entènè oswa ki entènè pou yon ti tan) kote nesesite medikal yo pa etabli yon fason klè.

Solisyon Faktirasyon pou Pasyan (Patient Billing Solutions, PBS): Depatman Mass General Brigham ki responsab tout pwosesis sik revni pou peman otonòm, ki gen ladan Sèvis Kliyantèl, Prelèvman, Detèminasyon Asistans Finansye (ki pa WDH) ak tretman, tretman Move Dèt, kredi/ranbousman pasyan yo ak pwosesis ki asosye yo.

Dèt Pasyan an: Responsablite finansye ki gen rapò ak etablisman/founisè a kòm rezilta pou resevwa sèvis swen sante; yo detèmine montan an selon avantaj asirans yon pasyan pou sèvis espesifik yo prevwa a; ki gen ladan franchiz, kopeman, ko-asirans, ak sèvis ki pa kouvri.

Swen Aktif Alontèm: sèvis medikal ki nesesè, ki gen ladan sèvis reyabilitasyon, yo bay nan yon lopital yo klase kòm swen aktif alontèm.

Zòn Sèvis Prensipal: Zòn sèvis prensipal MGB yo konsidere kòm Lès Mass, nan lès Interstate 495 ki gen ladan Cape Cod, Nantucket ak Martha's Vineyard.

Peman otomatik: Pasyan yo idantifye kòm pasyan ki pa gen okenn kouvèti asirans oswa ki chwazi pou kouvèti asirans yo genyen yo pa kouvri pou sèvis/evènman espesifik yo.

Evènman ki Grav pou Siyale (Serious Reportable Event, SRE): ensidan grav ki te kapab evite byen fasil anrapò ak sekirite pasyan yo ki pa ta dwe rive si founisè swen sante yo te aplike dispozisyon prevansyon ki disponib yo

Pasyan asirans yo pa sifi: Yon pasyan ki gen kèk asirans oswa yon lòt sous peman, kote depans pèsònèl yo depase kapasite l genyen pou l peye.

Pasyan ki pa gen asirans: Yon pasyan ki pa gen okenn asirans sante an vigè pou yon dat espesifik pou yon sèvis oswa kote kouvèti yo a pa an vigè pou yon sèvis espesifik akòz limit rezo a, elimine avantaj asirans yo oswa lòt sèvis ki pa kouvri yo. An jeneral, pasyan ki gen sèlman pwoteksyon MassHealth Limited yo ak/oswa HSN yo, yo konsidere yo pa gen asirans paske pwogram sa yo pa fonksyone selon règleman asirans nòmal yo.

Swen Ijan: Sèvis medikal ki nesesè yo bay apre aparisyon bridsoukou yon pwoblèm medikal, kit se fizik oswa mantal, ki prezante sou fòm sentòm ki vrèman grav (tankou gwo doulè) kote yon pwofèsyonèl pridan ta ka panse absans swen medikal nan lespas 24 èdtan ta ka, yon fason rezonab: mete sante pasyan an danje, deranje fonksyonman kò a, oswa lakoz nenpòt ògàn oswa pati nan kò a mal fonksyone Yo bay swen ijan pou pwoblèm ki pa mete lavi an danje epi ki pa reprezante yon gwo risk pou gen gwo dega sou sante yon moun.

III. Règleman konsènan Asistans Finansye

A. Prezantasyon

- Yo ka bay yon Asistans finansye ak pasyan ki gen resous finansye limite pou rann sèvis swen sante Medikal ki Nesesè yo pi abòdab pou pasyan sa yo ki pa kalifye pou pwogram asirans gouvènman an finance yo (tankou Medicaid oswa Medicare), ki pa kapab peye prim Medicare yo, oswa ki enskri nan Health Safety Net (HSN) oswa MassHealth Limited pou bay yon kouvèti ki plis konplè pou sèvis yo.
- Yo ka pran desizyon anrapò ak Asistans Finansye yo swa anvan oswa apre yo bay sèvis la selon sitiasyon finansye pasyan an, selon kalite sèvis yo bay ak kote y ap bay sèvis yo, selon sitiasyon asirans pasyan an ak klasifikasyon jeneral sèvis yo bay la.
- Yo pral toujou bay Sèvis Ijans yo san yo pa egzamine sitiasyon finansye pasyan an nan limit EMTALA egzijè yo.
- Règleman sa a konsène tout sèvis Medikal ki Nesesè yo. Sepandan, se sèlman kèk kalite Sèvis Medikal Nesesè ki pral kalifye pou yon Rabè Asistans Finansye, tankou:
 - Sèvis Ijan ak Swen Ijan
 - Sèvis ochwa nan yon Lopital ki bay Swen Aktif pandan yon ti tan, jan sa endike nan [Seksyon III\(C\)\(2\)](#).
 - Sèvis ochwa nan yon Lopital pou Swen Aktif alontèm ak Sèvis Sante Konpòtmantal, jan sa endike nan [Seksyon III\(C\)\(3\)](#).
 - Sèvis Dantè nan Sant Dantè Kominotè Wentworth Health Partners (WHP) avèk restriksyon jan sa endike nan [Seksyon III\(D\)\(2\)\(d\)](#)

B. Kalifikasyon Pasyan an

1. An jeneral

- Pasyan ki montre yo gen bezwen finansye, swa akòz yo gen revni limite oswa paske fakti medikal yo genyen yo pran yon gwo kantite nan revni yo, pral jwenn rabè
- Pasyan yo dwe yon rezidan nan MA, NH, oswa yon moun ki pa rezidan ki resevwa tretman ijan nan yon etablisman MGB
- Rabè ki baze sèlman sou revni ki an jeneral limite pou pasyan ki gen revni famiyal yo ki mwens pase oswa ki egal ak 300% nan Gid Povrete Federal yo (FPG)
- Pasyan ki gen yon revni famiyal ki plis pase 300%, men ki mwens pase oswa ki egal ak 600% nan FPG a ka toujou kalifye si yo kapab demontre depans medikal anyèl yo te depase 30% nan revni yo pandan peryòd 12 mwa ki pi pwòch yo. Pou fanmi ki gen yon revni ki plis pase 600%, limit la se fakti medikal yo ki depase 40% nan revni yo a. Depans yo dwe fèt nan 12 mwa anvan yo epi yo limite ak depans sa yo ki ta kapab kalifye kòm yon depans medikal selon Sèvis Revni Entèn Ameriken yo (US Internal Revenue Service). Pasyan ki ta renmen jwenn rabè selon règleman sa a dwe bay dokiman yo mande sou revni, rezidans, byen ak depans medikal ki kalifye yo alè.

2. Kalifikasyon Finansye

a. Revni

Dènye Gid Federal sou Revni anrapò ak Povrete ki te pibliye yo, sèvi avèk revni total fanmi an, yo pral itilize kòm prensipal faktè, menmsi yo pral itilize byen yo jan sa dekri nan [Seksyon III \(2\)\(b\)](#) ki pi ba a.

Tanpri, verifye ane aktyèl la oswa kantite moun anplis nan fanmi ki nan nivo FPG a nan lyen ki vin apre a: [Poverty Guidelines | ASPE \(hhs.gov\)](#).

b. Byen

Yo pral itilize byen yo tou lè:

- Pasyan an ap viv andeyò peyi Etazini oswa Kanada.
- Pasyan an mouri, desizyon an dwe gen ladan l egzamen byen imobilye yo.
- Yo jije pasyan an pa kalifye epi li fè apèl pou gen yon konsiderasyon patikilye akòz sikonstans li yo ki eksepsyonèl.
- Lè Medicare kouvri yon pasyan, eksepte Plan Medicare Advantage, gen yon objektif pou rapòte nenpòt balans yo retire kòm Move Dèt Medicare. Balans yo kapab sèlman ko-asirans oswa franchiz, fanmi pasyan an ka dwe mwens pase 201% nan FPG a, pasyan an dwe fè yon deklarasyon ki fè konnen li pa kapab peye balans yo ki gen ladan itilizasyon byen yo.

c. Depans Medikal

- Yo ka itilize depans medikal anyèl yo pou detèmine kalifikasyon pou asistans finansye lè ansyen revni yon pasyan nan kay la >300% FPG, selon [Seksyon III\(B\)\(1\)](#).
- Depans yo dwe fèt nan 12 mwa anvan yo epi yo limite ak depans sa yo ki ta kapab kalifye kòm yon depans medikal selon Sèvis Revni Entèn Ameriken yo (US Internal Revenue Service).
- Pasyan ki ta renmen jwenn rabè selon règleman sa a dwe bay dokiman yo mande sou revni, rezidans, byen ak depans medikal ki kalifye yo alè.

3. Responsablite Pasyan an

Pasyan yo dwe ranpli kondisyon sa yo pou yo kalifye pou asistans finansye. Si yo pa satisfè kondisyon sa yo, pasyan an ap diskalifye pou konsiderasyon an.

- a. Jwenn epi kenbe kouvèti asirans la si pasyan an gen kouvèti abòdab ki disponib swa nan yon pwogram asirans gouvènman an finanse (Medicaid/Medicare), asirans komèsyal nan men patwon yo oswa nan ConnectorCare oswa nan pwogram sibvansyone ki sanble ak sa.
 - Yo ka mande pasyan an pou li soumèt prèv ki montre li te aplike pou pwoteksyon an.
 - Pasyan an dwe fè efò rezonab pou bay epi soumèt tout dokiman yo mande yo ki nesesè pou enskri nan pwoteksyon eta a alè.
- b. Eksepte pou moun ki sipoze kalifye yo ([Seksyon III\(F\)\(2\)](#)), pasyan yo dwe ranpli yon Aplikasyon Asistans Finansye jan sa endike nan [Seksyon III\(E\)](#) epi/oswa fè efò rezonab pou bay ak soumèt tout dokiman yo mande ki gen rapò ak revni, byen ak rezidans pou verifye kalifikasyon yo pou tout asistans finansye Mass General Brigham nan yon moman ki apwopriye.
- c. Piblikasyon konplè tout kouvèti Konpansasyon pou Travayè, Veyikil ak Motè oswa Responsablite Twazyèm Pati epi kolabore ak demann pou trete reklamasyon yo grasa kouvèti sa a.

- d. Kenbe antite Mass General Brigham okouran sou enfòmasyon demografik ak asirans aktyèl yo.
- e. Peye tout balans yo an akò ak delè yo te dakò a.

C. Sèvis ki kalifye pou Asistans Finansye

1. Swen ljan/Sèvis ljan

Yo pral konsidere Sèvis Medikal Nesesè ki koresponn ak definisyon Sèvis ljan oswa Swen ljan pou Asistans Finansye eksepte pou kèk sèvis Dèt Lòt Pati kouvri ki gen ladan kouvèti Veyikil ak Motè ak Konpansasyon Travayè. Sèvis yo pral faktire an premye nan tout asirans sante lè sa aplikab.

2. Sèvis ochwa nan Lopital ki bay swen pandan yon ti tan ak Òganizasyon Doktè yo

Sèvis ochwa yo kalifye pou Asistans Finansye lè:

- a. Pasyan ki abite nan Zòn Sèvis Prensipal Mass General Brigham epi ki aplike pou tout pwogram gouvènmantral ak pwogram non gouvènmantral ki disponib yo.
Remak: Pou moun ki abite MA, sa a jeneralman konfime nan enskripsyon yo nan MassHealth Limited ak/oswa nan Massachusetts Health Safety Net (HSN). An jeneral, sa a aplike pou sèvis Òganizasyon Doktè Mass General Brigham yo bay, jan sa dekri nan [Seksyon III\(F\)](#).
- b. Sèvis ki dirèkteman toupre, nan 60 jou, pou yon Swen ljan/Sèvi ljan epi ki se swen swivi pou sèvis anvan an.
- c. Pasyan an sibi yon evalyasyon sou sitiyasyon finansye li epi yo estime li te chèche avèk dilijans tout opsyon ki disponib pou kouvèti yo epi yo estime li pa kalifye pou lòt kouvèti. Evalyasyon yo dwe fèt nan omwen chak 12 mwa.
- d. Èske se pa yon sèvis ki nan lis Sèvis ki pa Kouvri yo, [Seksyon III\(C\)\(4\)](#)

Tanpri gade [Anèks A](#) pou ou konnen Lopital ki bay Swen pandan yon ti tan yo ak Òganizasyon Doktè ki kouvri yo.

3. Sèvis ochwa nan Lopital ki bay Swen alontèm ak McLean Hospital

Sèvis ochwa yo kalifye pou Asistans Finansye lè:

- a. Pasyan ki abite nan Zòn Sèvis Prensipal Mass General Brigham epi ki aplike pou tout pwogram gouvènmantral ak pwogram non gouvènmantral ki disponib yo.
Remak: Pou moun ki abite MA, sa a jeneralman konfime nan enskripsyon yo nan MassHealth Limited ak/oswa nan Massachusetts Health Safety Net (HSN), depi nan Lopital Swen Alontèm yo, Sante Konpòtmantal ak Swen Adomisil lè sèvis yo pa kalifye pou faktirasyon nan HSN.
- b. Evalyasyon alavans sèvis yo pèmèt yo idantifye sèvis espesyalize yo disponib sèlman nan etablisman Mass General Brigham nan.

Remak: An jeneral, yo evalye pasyan yo anrapò ak sitiyaasyon finansye yo nan Lopital ki bay Swen Alontèm yo ak nan McLean Hospital epi yo ka repòte ospitalizasyon an apre yon egzamen klinik si gen yon etablisman ki pi apwopriye ki disponib.

- c. Etablisman an aksepte pou bay pasyan an swen pandan li konnen pasyan an gen resous limite/pa gen okenn resous pou peye pou swen an. Pasyan sa yo an jeneral soti nan zòn sèvis prensipal Mass General Brigham yo epi yo enskri nan MassHealth Limited ak/oswa HSN, sa ki montre resous finansye yo limite.
- d. McLean Hospital: Yon pasyan konfime ki fè gwo depans pou Swen Opsyonèl Medikal Nesesè ki pa gen asirans pandan tretman an kapab jwenn yon asistans finansye swa jiskaske li rekipere asirans sante a oswa jiskaske yo transfere swen li yo nan yon etablisman ki apwopriye. Rekòmandasyon founisè pasyan an konsènan nesosite klinik la obligatwa anplis paske pasyan an dwe respekte pwosesis nòmal Asistans Finansye a.
- e. Èske se pa yon sèvis ki nan lis Sèvis ki pa Kouvri yo, [Seksyon III\(C\)\(4\)](#)

Tanpri gade [Anèks A](#) pou Lopital ki bay Swen Alontèm yo ak Founisè Sante Konpòtmantal ki kouvri yo

4. Sèvis ki pa Kouvri yo

a. Limit Zòn Sèvis yo

Pasyan ki te vini nan yon etablisman Mass General Brigham ki twouve yo andeyò zòn sèvis prensipal la pou jwenn swen, kote yon moun ki rezonab ta kapab prevwa sa ta ka nesèsè, an jeneral yo **pa**pral konsidere yo kòm pasyan k ap jwenn yon asistans finansye oswa rabè. Sa gen ladan prezante tèt yo kòm yon ljan lè pasyan an te konnen dabò eta sante li anvan li te ale nan yon etablisman Mass General Brigham pou resevwa swen. Egzanp pou esklizyon yo gen ladan swen obstetrik ak espesyalite kote pasyan an deja okouran sou yon sitiyaasyon li ta kapab, yon fason rezonab, panse li nan nesosite pou l jwenn swen, tankou swen onkoloji, sèvis kadyak, sèvis reyabilitasyon espesyalize ak sèvis sikyatrik. Sa a pa retire sèvis ijans ki gen rapò ak yon aksidan oswa konplikasyon nan yon pwoblèm ki te deja egziste lè yon moun ki rezonab pa ta prevwa li nesèsè pou l jwenn swen ijan anvan li ale nan zòn sèvis nou an.

b. Kouvèti Rezo Pasyan ki Asire yo

Pasyan ki konnen davans plan asirans sante yo pa pral kouvri sèvis yo nan yon etablisman Mass General Brigham swa akòz kontra a, akòz limit rezo a oswa akòz egzijans otorizasyon alavans yo, epi ki prezante tèt yo pou sèvis nan yon etablisman Mass General Brigham pou yon sèvis yo te kapab jwenn nan yon etablisman plan sante yo a kouvri oswa kote lòt sipò finansye te disponib, an jeneral yo pa pral kalifye pou asistans finansye. Sa gen ladan balans akòz yon refi pou san-referans, pa gen otorizasyon oswa sèvis ki pa nan rezo a.

c. Eksklizyon Sèvis Espesifik

- Chiriji Estetik
- Fegondasyon In-Vitro (IVF)

- Terapi Repwodiktif Modèn (ART)
- Sèvis Gastrik Bypass san pran an konsiderasyon desizyon moun k ap peye a anrapò ak bezwen medikal yo.
- Kont ki lye ak yon etid rechèch
- Eleman pou Fasilite Pasyan yo tankou lojman premye klas ak lojman pou nwit selon demann pasyan an epi, an jeneral, ki pa gen yon plan asirans sante ki kouvri yo
- Lòt sèvis ki pa nesesè sou plan medikal yo faktire dapre yon tarif peman otomatik yo te kalkile davans
- Tout pwogram rezidansyèl konplè ki pa soumèt demann bay konpayi asirans sante a nan McLean Hospital.

D. Rabè sou Asistans Finansye

1. Montan yo faktire an jeneral

Dapre IRS 501(r), lopital yo dwe limite depans pasyan yo ak sèvis ki kalifye yo dapre Règleman Asistans Finansye (FAP) nou an anrapò ak Montan yo Faktire an Jeneral (AGB) bay transpòtè Komèsyal yo ak Medicare. Mass General Brigham kalkile AGB a lè li divize dabò peman total yo pa depans total yo pou tout plan Komèsyal ak Medicare antou pou ane fiskal anvan an pou kalkile Koyefisyan Peman sou Kont la (PAF) pou ane fiskal anvan an. Rabè minimòm FAP pou ane fiskal aktyèl la se envès PAF ane anvan an. Sa pral redwi frè yo faktire pou pasyan ki kalifye yo nan yon montan ki pa depase AGB pou ane anvan an.

Egzanp:

Total Peman ki soti nan Medicare ak Plan Komèsyal yo	\$200,000,000
Total Peman ki soti nan Medicare ak Plan Komèsyal yo	\$500,000,000
PAF	40%
Rabè Minimòm Nèt FAP	60%

Pousantaj FAP pa antite, baze sou reklamasyon pou ane fiskal 2025 la, se jan sa a:

Kreyòl Ayisyen se **Lopital yo**:

Entity	FAP
Brigham and Women's Hospital	69.2%
Cooley Dickinson Hospital	66.6%
Brigham and Women's Faulkner Hospital	67.2%
McLean Hospital	45.9%
Mass Eye & Ear	56.7%
Massachusetts General Hospital	68.9%
Marthas Vineyard Hospital	55.4%
Nantucket Cottage Hospital	58.6%
Salem Hospital	69.1%
Newton Wellesley Hospital	65.3%
Healthcare at Home	12.2%
Spaulding Rehab Hospital Cape Cod	56.4%

Spaulding Hospital Cambridge	66.8%
Spaulding Nursing and Therapy Center Brighton	58.0%
Spaulding Rehab Hospital Boston	62.7%
Wentworth Douglass Hospital	69.8%
	67.7%

Physician Organizations

Tax Entity Description	FAP
Brigham and Women's Physicians Organization	62.4%
Cooley Dickenson Medical Group	62.5%
CDMG UCC Southampton	66.4%
Massachusetts Eye and Ear Associates	66.2%
Mass General Brigham Community Physicians	68.5%
Mass General Brigham Medical Group	70.7%
Mass General Brigham Urgent Care	81.8%
Mass General Physicians Org	63.0%
Nantucket Physicians Org	69.6%
North Shore Physicians Group	67.8%
Newton Wellesley Medical Group	65.4%
Wentworth Douglass Physician Corporation	64.4%
	64.2%

2. To Rabè sou Asistans Finansye

- a. Lopital ki bay swen pandan yon ti tan ak Òganizasyon Doktè yo
Pou sèvis ki endike nan [Seksyon III\(C\)\(2\)](#):

Revni Familyal % FPG	Yo mansyone Lopital ki bay Swen pandan yon ti tan yo nan Anèks 1 EKSEPTÉ WDH	Wentworth-Douglass Hospital (WDH)
0 jiska 150%	100% ¹	100%
150.1 jiska 250%	85% ²	100%
251 jiska 300%	70% ³	0%
300.1 – 600%	70% <i>Si</i> depans medikal yo depase 30% revni pou chak Seksyon III(B)(1)	Li pa aplikab
Plis pase 600%	70% <i>Si</i> depans medikal yo depase 40% revni pou chak Seksyon III(B)(1)	Li pa aplikab

¹ Pou Òganizasyon Doktè yo, pasyan ki gen HSN konplè yo sipoze ki kalifye pou rabè sa a, dapre [Seksyon III\(F\)\(2\)](#)

² Pou Òganizasyon Doktè yo, pasyan ki gen HSN pasyèl yo sipoze ki kalifye pou rabè sa a, dapre [Seksyon III\(F\)\(2\)](#)

³ Pou Òganizasyon Doktè yo, pasyan ki gen HSN pasyèl yo sipoze ki kalifye pou rabè sa a, dapre [Seksyon III\(F\)\(2\)](#)

b. Lopital ki bay Swen Alontèm yo ak Swen Adomisil MGB

Pou sèvis ki endike nan [Seksyon III\(C\)\(3\)](#):

Revni Famityal % FPG	Rabè
0 jiska 150%	100%
150.1 jiska 250%	75%
251 jiska 300%	70%
300.1 – 600%	60% <i>Si</i> depans medikal yo depase 30% revni pou chak Seksyon III(B)(1)
Plis pase 600%	60% <i>Si</i> depans medikal yo depase 40% revni pou chak Seksyon III(B)(1)

c. Lopital Sante Konpòtmantal yo (McLean Hospital)

i. Pou sèvis ki endike nan [Seksyon III\(C\)\(3\)](#)

Revni Famityal % FPG	Rabè
0 jiska 150%	100%
150.1 jiska 250%	80%
251 jiska 300%	60%
300.1 – 600%	60% <i>Si</i> depans medikal yo depase 30% revni pou chak Seksyon III(B)(1)
Plis pase 600%	60% <i>Si</i> depans medikal yo depase 40% revni pou chak Seksyon III(B)(1)

ii. Frè lannwit nan McLean Hospital

Frè sa a asosye ak yon sèvis Ospitalizasyon Pasyèl epi yo pral konsidere l kòm yon echèl varyab lè l sèvi avèk Gid Povrete Federal la (FPG) lè pa gen yon asirans ki kouvri yo sou baz nesesite medikal.

Revni Famityal % FPG	Rabè
0 jiska 100%	90%
100.1 jiska 200%	75%
200.1 jiska 300%	50%
300.1 – 400%	25%

d. Sant Dantè Kominotè nan Wentworth Health Partners (WHP).

Pasyan ki gen yon revni famityal ki egal oswa ki mwens pase 300% nan FPG a ka kalifye pou rabè asistans finansye yo.

- \$35 frè fiks pou chak vizit

- Gen kèk sèvis, tankou fo dan ak kouwòn yo pral gen yon frè ki pi wo jiska 50% nan pri premye vizit la ak 50% nan pri montaj la.
- Limite pou moun ki abite nan Barrington, NH; Dover, NH; Durham, NH; Lee, NH; Madbury, NH; Rollinsford, NH; Somersworth, NH; Berwick, ME; South Berwick, ME.

E. Tretman Demann yo

- Yo pral ankouraje pasyan yo pou yo aplike pou konsiderasyon pou Asistans Finansye nan tout ka kote yo reponn ak kondisyon debaz ki endike nan règleman sa a. Yo pral egzamine tout aplikasyon yo, ki gen ladan ka kote tout kondisyon yo pa satisfè.
- Pasyan yo ka mande asistans finansye nenpòt ki lè nan moman anvan-enskripsyon, enskripsyon, ospitalizasyon, sèvis pou pasyan ekstèn, oswa pandan sik faktirasyon ak prelèvman yo.
- Tretman demann yo ka kòmanse swa dirèkteman avèk Sèvis Kliyantèl PBS, swa nan PBS Collections oswa atravè kontak ak yon Konseye Finansye pou Pasyan nan nenpòt lopital Mass General Brigham oswa sant sante. Règleman sa a ak tout fòm demann yo disponib tou nan paj akèy Mass General Brigham nan meni ki dewoule anba "Pou Pasyan yo." [www.massgeneralbrigham.org/patient-information]
- An jeneral, yo pral egzamine sèlman demann ki ranpli nèt yo, epi yo voye tout demann yo bay PBS pou desizyon final. Tout demann yo pral egzamine pou detèmine si pasyan an te respekte obligasyon li yo, tankou obligasyon pou jwenn nenpòt kouvèti asirans ki disponib. Yo pral egzamine tou estati pasyan an pou detèmine si li ka kalifye pou nenpòt pwogram nasyonal oswa federal. Anplwaye PBS chwazi yo pral egzamine tout demann yo, kontakte kandida a pou swivi enfòmasyon yo epi pou kominike rezilta yo. An jeneral, demann yo pral an vigè pou yon ane apati dat demann nan.

Yo pral aplike rabè yo apwouve dapre règleman sa a lè yo jije yon pasyan kalifye. Yo pral bay pasyan yo plan peman san enterè dapre enstriksyon ki deja egziste nan Règleman [Kredi ak Prelèvman nan Mass General Brigham](#). Tout lòt pratik prelèvman yo, ki gen ladan aksyon sa yo ki ka poze nan ka kote yo pa peye balans yo, yo mansyone yo nan Règleman [Kredi ak Prelèvman nan Mass General Brigham](#).

- Dapre [Seksyon III\(F\)\(2\)](#) pi ba a, pasyan ki gen Health Safety Net Full ak Health Safety Net Pasyèl yo ap sipoze elijib pou Asistans Finansye- pasyan yo pral kapab chèche swen pou sèvis elijib (dapre [Seksyon III\(C\)](#)) san yon Aplikasyon pou Asistans Finansye.

F. Relasyon ant Règleman Asistans Finansye ak Health Safety Net (HSN)

1. Apèsi sou Health Safety Net

- Commonwealth of Massachusetts etabli yon pwogram rezo sekirite ki bay kèk kouvèti pou sèvis swen sante nan yon Lopital ki bay Swen pandan yon ti tan nan MA pou rezidan Massachusetts ki gen revni famiyal jiska 300% nan FPG ki pa kalifye pou MassHealth (Medicaid).
 - Kouvèti HSN konplè disponib jiska 150% nan FPG
 - HSN pasyèl disponib nan 150% jiska 300% nan FPG

- Kouvèti HSN yo ka konsidere kòm yon konpleman pou yon lòt asirans (Medicare, Medicaid oswa Komèsyal) epi li fonksyone kòm yon rezò sekirite pou pasyan ki deziyen kòm pasyan ki gen Revni ki Fèb yo dapre règleman Massachusetts yo. Kouvèti a an jeneral pa gen montan kopeman yon kouvèti asirans prensipal detèmine, eksepte kopeman pou Medicare oswa plan ranplasman Medicare ki ladan.
- Tout sèvis Medikal Nesesè yo disponib pou pasyan sa yo swa san frè (HSN konplè) oswa apre yo fin peye yon franchiz anyèl (HSN pasyèl).

2. Health Safety Net Konplè ak Pasyèl

- Tout Lopital Mass General Brigham ki bay Swen pandan yon ti tan yo baze nan Massachusetts (gade [Anèks A](#)), ki gen ladan sant sante lopital la apwouve ak klinik medikal ospitalye yo chwazi, patisipe nan kouvèti sa a epi yo respekte tout aspè nan règleman HSN yo.
- Lòt antite Mass General Brigham, lalwa retire nan patisipasyon nan HSN yo, pral itilize estati apwouve HSN pasyan an kòm sipoze kalifye pou Asistans Finansye Mass General Brigham pou sèvis ki kalifye yo, dapre [Seksyon III\(C\)](#).

Rabè ki Sipoze

	HSN Konplè	HSN Pasyèl
Òganizasyon Doktè	100%	70%
Lopital ki bay Swen Alontèm (Post-Acute Hospitals)	Ka disponib, desizyon yo dwe pran pandan evalyasyon finansye alavans pasyan an pou sèvis ki pwograme sa yo.	
Lopital Sante Konpòtmantal		

- An jeneral, pasyan ki gen sèlman pwoteksyon MassHealth Limited yo ak/oswa HSN yo, yo konsidere yo pa gen asirans paske pwogram sa yo pa fonksyone selon règleman asirans nòmal yo. Balans ki rete akòz Swen ki te bay pandan yon ti tan nan Lopital yo kòm yon pati nan yon franchiz pasyèl HSN kalifye pou Rabè Pasyan ki pa Asire, jan sa dekri nan Seksyon IV la.

3. Kondisyon Medikal Difisil HSN ak Konfidansyalite HSN

- HSN nan gen ladan twa (3) pwogram adisyonèl (Sèvis Konfidansyèl pou Adilt, Sèvis Konfidansyèl pou Minè, ak Difikilte Medikal) ki disponib pou pasyan yo. Patisipe nan pwogram sa yo an jeneral yon [Konseye Finansye pou Pasyan yo](#) òganize nan youn nan lopital ki bay Swen pandan yon ti tan yo.
- Pwogram Difikilte Medikal HSN nan disponib pou rezidan Massachusetts ki gen pi wo nivo revni yo. Yo ta dwe ankouraje pasyan yo pou yo aplike nan pwogram sa a lè depans y ap fè pèsònèlman pou swen medikal yo reprezante yon gwo pati nan revni yo, an jeneral plis pase 30% revni fwaye a.

- Yon Konseye Finansye pou Pasyan yo dwe prezante demann yo nan yon lopital ki bay swen pandan yon ti tan. Chak demann ka gen ladan depans medikal ki fèt nan 12 mwa anvan yo te ranpli yon demann ak yon limit 3 demann pou nenpòt ane.
- Y ap kontinye konsidere tout balans yo kòm balans y ap peye pèsònèlman ki valab jiskaske HSN apwouve demann nan. Sa pa gen ladan yon kouvèti jeneral nan pwogram HSN nan.
- An jeneral, yo pral enfòme pasyan yo sou pwogram nan lè yo rele Sèvis Kliyantèl PBS oswa yon Konseye Finansye pou Pasyan lè yo gen gwo balans epi yo gen enkyetid pou yo peye fakti yo. Konseye Finansye pou Pasyan yo ap fè yon travay sansibilizasyon ki limite, nan ka gen gwo balans pou pasyan ki entène yo, ak reprezantan prelevman yo, nan ka gen gwo balans pou moun ki bay garanti a. Konseye Finansye pou Pasyan yo konseye tout pasyan ki swa kontakte yo oswa yo refere yo ba yo konsènan demann pwogram nan, epi yo travay avèk pasyan an pou ranpli demann nan epi soumèt li bay HSN.

IV. Rabè pou pasyan ki pa gen asirans

A. Prezantasyon

- Tout antite Mass General Brigham yo an jeneral bay Pasyan ki pa gen asirans yo yon rabè nan frè yo, pou pifò sèvis yo. Pwogram sa a gen ladan pasyan nan tout nivo revni ki pa gen okenn kalifikasyon finansye oswa demann nesèsè.
- Rezon prensipal pou aktyalize balans pasyan yo, ki gen ladan balans apre asirans (ko-peman, ko-asirans oswa franchiz) yo tankou:
 - Pou bay pasyan ki pa gen okenn kouvèti asirans ki an vigè yo yon rabè debaz pou pifò sèvis yo.
 - Demontre difikilte finansye yo ki jeneralman baze sou enfòmasyon ki gen rapò ak revni ansanm ak byen pasyan an, jan sa endike nan [Seksyon III\(B\)\(2\)](#).
 - Yon Evènman ki Grav pou Siyale (Serious Reportable Event, SRE) jan sa endike nan Règleman pou pa peye evènman ki gen rapò ak kalite ak sekirite nan Mass General Brigham ki disponib sou demann.
 - Lòt pwoblèm anrapò ak tretman klinik ki pa rive nan nivo yon SRE, men ki toujou gen yon enpak negatif sou pasyan an, jan komite yo chwazi nan lopital la te apwouve l la.
- Rabè yo pa pral baze sou okenn relasyon pasyan an oswa fanmi li kapab genyen ak okenn anplwaye Lopital oswa yon manm nan konsèy administrasyon an. Yo pa pral bay rabè yo sou okenn konsiderasyon "koutwazi pwofesyonèl" pou yon doktè oswa fanmi li.
- Yo pa pral bay pasyan yo rabè pou ankouraje yo pran sèvis oswa pou yo asosye yon fason oswa yon lòt ak jenerasyon komèsyal la yon pwogram swen sante federal peye, ni yo pa pral chanje yo pou lajan kach pou pwodui oswa sèvis Lopital la bay, oswa pou nenpòt lòt antite nan Mass General Brigham (sa gen ladan rabè nan magazen kado, kafeterya, elatriye).
- Yo ankouraje pasyan yo pou aplike pou yo jwenn Rabè pou moun ki pa gen asirans, si yo ranpli kondisyon debaz ki endike anwo a. Yo pral egzamine tout aplikasyon yo, ki gen ladan

ka kote tout kondisyon yo pa satisfè. Pasyan yo ka mande Rabè pou moun ki pa gen asirans nenpòt ki lè nan moman anvan-enskripsyon, enskripsyon, ospitalizasyon, sèvis pou pasyan ekstèn, oswa pandan tout sik faktirasyon ak prelevman yo. Pou plis enfòmasyon, gade [Seksyon III\(E\)](#).

B. Rabè pou moun ki pa gen asirans ak Eksklizyon

1. Rabè ki disponib

Rabè sa yo disponib nan antite sa yo, eksklizyon nan [Seksyon IV\(B\)](#):

Founisè MGB	Rabè
Lopital ki bay Swen pandan yon ti tan EKSEPTE Wentworth-Douglass	25%
Wentworth-Douglass Hospital (WDH)	40%
Òganizasyon Doktè EKSEPTE Wentworth Health MGB (WHP)	25%, eksklizyon pi ba
Wentworth Health MGB (WHP)	15%
Lopital Sante Konpòtmantal yo (McLean Hospital)	25%, eksklizyon pi ba
Lopital ki bay Swen Alontèm (Post-Acute Hospitals)	25%, eksklizyon pi ba
Swen Ijan MGB	Yo faktire swen ijans peman otomatik yo sou baz yon barèm fiks otomatik sèlman.

2. Eksklizyon

a. Eksklizyon Òganizasyon Doktè Mass General yo (Mass General Physicians Organization, MGPO)

- Pa gen okenn rabè pou pasyan ki pa gen asirans pou Sèvis Dantè MGPO, Sèvis Sant Vwa ak Klinik Vwayaj yo, mete sou sa ki mansyone nan eksklizyon sèvis espesifik yo.

b. Eksklizyon Rezo Reyabilitasyon Spaulding

- Pa gen okenn rabè pou pasyan ki pa gen asirans pou bagay sa yo:
 - Sèvis nan Reyabilitasyon Spaulding - Brighton
 - Terapi pou pasyan ekstèn ki gen ladan Fizyoterapi, Ègoterapi, Òtofonni oswa Sante Konpòtmantal SRH
 - Evalyasyon espesyalize (ATEC, AAC, Lokomat)
 - Tretman Espesyalize (Lokomat, sèvis entèprèt, tretman konplèks, tretman alimantè)
 - Frè Teknik pou Vizit nan Klinik Doktè a
 - Lòt pwosedi administratif oswa tès dyagnostik

c. Esklizyon McLean Hospital

- Pa gen okenn rabè pou pasyan ki pa gen asirans pou bagay sa yo:
 - Frè lannwit ki asosye ak yon ospitalizasyon pasyèl lè yon asirans pa kouvri l selon nesesite medikal yo. Yon barèm rediksyon frè pou pwogram sa a antre nan Règleman Asistans Finansye a.
 - Pwogram Rezidansyèl konplè ak Pwogram Pasyèl konplè ki baze sou yon tarif jounalye
 - Pwogram CATS (Tès sikolojik, estati newokonpòtmantal, tès newosikolojik)

V. Konsiderasyon Pèsonèl

Nou ankouraje pasyan yo pou yo fè Konseye Finansye pou Pasyan yo konnen sitiyasyon finansye pèsonèl yo nan nenpòt lopital Mass General Brigham, oswa nan Patient Billing Solutions. Antite ki afilye ak Mass General Brigham yo ka, an akò ak Règleman sou Kredi ak Prelèvman yo, bay rabè ki depase lòt dispozisyon ki nan règleman sa a sou yon baz ka pa ka pou rekonèt ka patikilye anrapò ak difikilte finansye yo. MGB pral aplike règleman asistans finansye yo yon fason ki regilye epi san patipri, san konsiderasyon ras, orijin etnik, sèks, relijyon, elatriye.

Nan kèk sitiyasyon, yo ka refize asistans finansye a. Ka espesifik sa yo ka pwovoke, men yo pa limite ak:

- Revni famiyal ki sifizan
- Nivo byen ki sifizan
- Demann enkonplè, elatriye.

Si yo refize bay asistans finansye a, yon pasyan ka fè apèl kont desizyon an nan 30 jou ak yon lèt MGB dwe egzamine. Y ap bay yon desizyon final nan 30 jou apre yo resevwa demann pou apèl la.

VI. Konsèy Finansye

A. Sèvis Konsèy Finansye pou Pasyan

- Lopital ki bay Swen pandan yon ti tan yo ak lòt founisè MGB ki gen sèvis konsèy finansye yo pral chèche idantifye pasyan ki ka pa gen asirans oswa ki gen asirans limite pou bay konsèy ak asistans.
- Founisè MGB sa yo pral bay pasyan sa yo ak fanmi yo konsèy finansye, atravè Konseye Finansye yo, ki gen ladan tès depistaj pou kalifye pou lòt sous kouvèti asirans, tankou Pwogram Nasyonal yo ak lòt pwogram gouvènmantral yo (ki gen ladan nan limit sa posib, pwogram Medicaid nan eta ki pa Massachusetts yo oswa New Hampshire), epi bay enfòmasyon konsènan tout metòd ki akseptab pou peman fakti Lopital la.
- Konseye Finansye yo pral ankouraje pasyan ki gen posiblite kalifye yo pou yo jwenn kouvèti nan Pwogram Nasyonal yo oswa lòt pwogram gouvènmantral yo pou aplike pou kouvèti epi yo pral ede pasyan an nan aplike pou avantaj yo. Rezidan MA yo ka aplike tou epi HSN ka apwouve yo pou yo ka jwenn kouvèti pou ko-asirans oswa franchiz plan asirans prensipal yo a pa kouvri.

- Si pasyan yo gen nenpòt lòt kesyon ki gen rapò ak pwogram asistans finansye a, kalifikasyon pwogram nan, oswa yon fakti yo resevwa, pasyan an ta dwe kontakte yon konseye finansye. Yon Konseye Finansye pral reponn pi vit posib demann pasyan yo fè ki gen rapò ak asistans finansye oswa konekte pasyan an ak depatman ki apwopriye a pou trete demann nan.

VII. Piblikasyon ak Difizyon Règleman Asistans Finansye yo

Règleman Asistans Finansye nan Mass General Brigham, fòm demann, epi yon rezime nan yon lang ki klè disponib sou www.massgeneralbrigham.org. Ou ka jwenn paj wèb sa a nan paj dakèy Mass General Brigham nan men ki dewoule anba "Pou Pasyan yo." Sitwèb la gen ladan plizyè fason pasyan yo ka aplike pou jwenn asistans, tankou yon lis sant konsèy finansye pou pasyan nan lopital yo ak nan sant sante yo; yon nimewo telefòn santral; ak yon adrès imel. Sitwèb la tou fè pasyan yo konnen fòm aplikasyon yo ak asistans yo gratis.

Enfòmasyon sou règleman an ak fason pou aplike l yo disponib nan tout antite Mass General Brigham ki konsène yo, kominikasyon piblik la fèt sou plizyè fason:

- Afiche avi (afich) ki montre disponiblite pwogram asistans finansye yo epi dekri ki kote pou ale pou jwenn asistans nan kote sa yo:
 - Zòn ospitalizasyon ak/oswa enskripsyon pasyan ki entène yo, klinik, depatman ijans, ak sant sante kominotè yo
 - Espas datant pou Konsèy Finansye
 - Zòn ospitalizasyon/enskripsyon santral ki ouvè pou pasyan yo
 - Sal datant biwo komèsyal ki ouvè pou pasyan yo
- Bwochi nan lang klè yo ki anonse disponiblite opsyon asistans finansye nan Mass General Brigham yo afiche nan klinik yo ak nan Sèvis Ijans yo.
- Yo pral bay tout pasyan yo avi estanda yo nan moman premye enskripsyon yo nan Mass General Brigham. Avi sa yo pral disponib tou toupatou nan tout lopital ak sant sante yo epi yo pral ofri yo regilyèman bay pasyan aktyèl yo chak fwa yo prevwa yo gen pou yo depanse lajan.
- Enfòmasyon jeneral konsènan disponiblite asistans finansye yo ki gen ladan tout deklarasyon pasyan yo
- Resous konsèy finansye pou pasyan yo disponib pou tout pasyan ki mande asistans, ki gen kesyon espesifik, oswa ki vle yon aplikasyon sou papye.
- Tout dokiman, ki gen ladan règleman an, afich, fòm aplikasyon, ak rezime nan lang klè yo disponib nan lang anglè epi yo pral tradui yo nan lòt lang depi lang nan se lang prensipal plis pase 10% nan rezidan yo nan sèvis Lopital la. An jeneral, yo pral pibliye afich yo an Anglè ak Panyòl. Afich yo pral gen ladan tou enstriksyon sou aksè ak sèvis tradiksyon pou pasyan ki gen lòt bezwen nan lang.

Anèks A: Antite ki asosye nan Mass General Brigham

Règleman sa a aplike pou antite Mass General Brigham sa yo:

Lopital ki bay Swen pandan yon ti tan yo (Acute Care Hospitals)

Massachusetts General Hospital (MGH)
Brigham and Women's Hospital
North Shore Medical Center (NSMC)
Newton-Wellesley Hospital (NWH)
Brigham and Women's Faulkner Hospital (BWFH)
Martha's Vineyard Hospital (MVH)
Nantucket Cottage Hospital (NCH)
Cooley Dickinson Hospital (CDH)
Wentworth Douglass Hospital (WDH)
Massachusetts Eye and Ear (Sant pou Je ak Zòrèy nan Massachusetts)
Lopital Sante Konpòtmantal (Behavioral Health Hospitals)
McLean Hospital (MCL)
Lopitalak ki bay Swen Alontèm (Post-Acute Hospitals)
Spaulding Rehabilitation Hospital (Lopital Reyabilitasyon Spaulding) Boston
Spaulding Hospital pou Swen Medikal Pwolonje nan Cambridge (SHC)
Spaulding Rehabilitation Hospital Cape Cod (SCC)
Òganizasyon Doktè
Òganizasyon Medsen Jeneral Massachusetts yo (MGPO)
Òganizasyon Medsen Brigham ak Fanm yo (Brigham and Women's Physicians Organization, BWPO)
Gwoup Medsen North Shore yo (NSPG)
Newton Wellesley Medical Group (NWMG)
Cooley Dickinson Medical Group (CDMG)
Nantucket Medical Group (NMG)
Mass Eye and Ear Associates
Wentworth Health Mass General Brigham (WHP)
Medsen Kominotè Mass General Brigham yo - Gwoup ki gen pwopriyete total yo
Pentucket Medical Associates (PMA)
Mystic Health Care
Swen Adomisil (Home Care)
Swen Adomisil Mass General Brigham
Swen Mobil Mass General Brigham
Mass General Brigham Urgent Care

Sonje doktè ki asosye ak antite sa yo, men ki voye fakti "an prive" yo ankouraje yo, men yo pa oblije swiv
règleman sa a. Ou ka jwenn detay nan [lis founisè ki asosye nan Mass General Brigham](#)

Anèks B: Aplikasyon pou Asistans Finansye

Yo ka jwenn Aplikasyon pou Asistans Finansye nan Mass General Brigham la a:

<https://www.massgeneralbrigham.org/content/dam/mgb-global/en/patient-care/patient-and-visitor-information/financial-assistance/documents/assistance-information/english/financial-assistance-application-english.pdf>

Aplikasyon an disponib nan 10 lang sou www.massgeneralbrigham.org Anglè, Arab, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Endonezyen, Khmer, Pòtigè, Ris, Panyòl, ak Vyetnamyen.

 **Mass General Brigham**

Mass General Brigham Financial Assistance Application

Please print out and complete all sections of the application that apply to you. **This application cannot be completed electronically.** Please read all instructions before completing application.

This application is used to evaluate your eligibility for financial assistance on medical bills from Mass General Brigham providers. You can use this application to apply for help with health care bills from any of the following Mass General Brigham entities:

Massachusetts General Hospital	Massachusetts General Physicians Organization
Brigham and Women's Hospital	Brigham and Women's Physicians Organization
Salem Hospital	North Shore Physicians Group
Newton-Wellesley Hospital	Newton-Wellesley Medical Group
Brigham and Women's Faulkner Hospital	Martha's Vineyard Hospital
Mass Eye and Ear	Mass Eye and Ear Associates
Nantucket Cottage Hospital	Nantucket Cottage Medical Group
Coolidge-Dickinson Hospital	Coolidge-Dickinson Medical Group
Spaulding Rehabilitation	McLean Hospital
Wentworth-Douglass Hospital	Wentworth Health Associates

Mass General Brigham Financial Assistance is not considered a substitute for enrolling in any available health insurance program or assistance plan. While the program covers all Medically Necessary Services, discounts vary based on the type of services provided and the location that the care was provided. Please refer to the complete policy on our website for the details on what is covered. A partial list of services that are typically excluded follows.

- Out of Network Denials
- Cosmetic Surgery
- Infertility Services (ART & IVF)
- Most non-medically necessary care including Gastric Bypass Services
- Patient Convenience Items including premium accommodations
- Services that are designated as "Self-Pay Only"

Failure to apply for a government assistance program that you potentially qualify for could result in a delay or denial of your application. If you need help applying for government assistance programs, one of our Mass General Brigham Financial Counselors can help.

You must fully disclose any other coverage, third-party liability claim, motor vehicle coverage or workers compensation coverage to be considered.

If you have any questions on this application, please contact [Patient Financial Services](#) at your hospital or call (617) 726-3884.

Rev. 11/21 Page 1 of 7